



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI POU PWOTEJE ANPIL MILYE IMIGRAN KONT DESIZYON TRUMP PRAN POU METE FEN A ESTATI PWOTEKSYON TANPORÈ A POU SALVADORYEN YO

Gouvènman Federal la Mete Fen a Estati TPS pou 16,200 Salvadoryen ak Anpil Milye Asyisyen ak Nikaragwayen k ap Viv Aktyèlman nan Eta New York la

Gouvènè a Bay Depatman Leta Eta New York la Lòd pou yo Ogmante Resous ki Disponib pou Kominote Toupatou Atravè New York la yo

Nou Ankouraje Rezidan k ap Chache Enfòmasyon ak Konsèye Jiridik yo pou yo Rele Liy Asistans Biwo pou Nouvo Ameriken an: 1-800-566-7636

Sant Èd Sosyal nan Biwo pou Nouvo Ameriken yo, ak Pwojè Defans Libète a pral ogmante Efò Sansibilizasyon yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Depatman Leta Eta New York la lòd pou yo ogmante aksè epi ofri resous adisyonèl pou kominote desizyon abitè administrasyon Trump lan pran pou l mete fen a Estati Pwoteksyon Tanporè a (Temporary Protected Status, TPS) pou moun ki soti El Salvador, Haiti, ak Nicaragua yo. Pami 114,127 Salvadoryen k ap viv aktyèlman nan Eta New York la, 16,200 ladan yo se benefisyè TPS epi desizyon gouvènman federal la pran pou mete fen a rekonesans TPS pou peyi a pral afekte yo.

“Aprè yo fin sove yon katastwòf natirèl orib, Salvadoryen yo te jwenn yon refij sekirite sou kòt nou yo epi yo te fè Etazini vin tounen lakay yo pandan plis pase yon deseni. Yo te travay di, peye taks, achte kay, epi kreye fanmi yo - tout sa nan yon efò pou yo reyalize Rèv Ameriken an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Desizyon administrasyon federal la pran la pou l dechire fanmi yo, destabilize ti biznis yo, epi fè avni sila ki te gentan vin fè pati tisi Ameriken an vin ensèten an, se yon zak onte ak enjis. Nou pral travay chak jou pou nou konekte ak Nouyòkè desizyon sa ap afekte yo epi asire yo konnen dwa yo ak opsyon legal yo genyen pou nou ka ede pwoteje fanm ak gason k ap travay di sa yo.”

Yè, Administrasyon Trump lan te anonse l ap mete fen a rekonesans TPS pou Salvadoryen k ap viv nan Etazini yo, ki pral an vigè 9 Septanm 2019. Yo te akòde TPS bay Rezidan El Salvador yo depi 2001, lè yon tranbleman te devaste peyi Amerik

Santral sa a. Desizyon pou yo mete fen a TPS pou Salvadoryen yo te vini apre revokasyon resan administrasyon Trump lan pran pou yo pa rekonèt TPS ankò pou Haiti, sa k ap afekte 50,000 moun nan tout peyi a, ak pou Nicaragua, k ap afekte 2,800 moun toupatou nan peyi a.

Gouvènè Cuomo te bay Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la ak Pwojè Defans Libète a (Liberty Defense Project) - yo toude fè pati Depatman Leta Eta New York la - lòd pou yo ogmante efò sansibilizasyon ak kominikasyon pou rezidan ak kominote ki afekte toupatou atravè eta yo pou asire yo konprann dwa yo ak opsyon legal yo genyen yo.

Depi 1990, Etazini te ofri TPS bay imigran ki soti nan 10 peyi ki te fè eksperyans enstabilite sivil, vyolans, ak yon katastwòf natirèl oswa yon epidemi. Sila yo te akòde TPS yo - ki apeprè 342,570 moun toupatou atravè peyi a - gen dwa legal pou yo rezide ak travay nan Etazini. El Salvador, Haiti ak Honduras fè pati peyi ki gen plis benefisyè TPS nan Etazini.

Sekretè Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “New York se yon flanbo pou dwa imigran yo, epi patnè legal nou yo enpòtan anpil nan kad efò n ap fè pou pwoteje popilasyon sa yo. Biwo pou Nouvo Ameriken yo ak Pwojè Defans Libète a rete prè pou ede kominote imigran miltikiltirèl nou yo pou yo ka navige chanjman drastik gouvènman federal la prezante la yo”.

Reprezantan Ameriken Yvette Clark ki soti nan 9èm Distri a, ki te prezante lejislasyon pou kite tout moun TPS pwoteje depi 1ye Janvyè 2017 la aplike pou rezidans pèmanan si yo ka pwouve devan yon jij ke yo pral konfwote difikilte ekstrèm si yo ta fòse yo retounen nan peyi yo, te di, “Peyi nou an te akeyi benefisyè TPS ki te sove kite sikonstans yo pat atann, nan kèk ka, sikonstans deplorab nan peyi yo, epi nou te bay yo opòtinite pou yo pwospere isit la nan Etazini. Fanm ak gason k ap travay di sa yo, ansanm ak timoun yo te adopte nouvèl vi yo isit la epi yo te vin fè pati tisi nasyon nou an. Anpil nan yo se pwopriyetè biznis, kwafè/z, anseyan, enfimyè, ak doktè. Yo se vwazen nou ak zanmi nou. Mwen aplodi angajman Gouvènè a kontinye pran anvè moun sa yo epi mwen ap kontre zepòl ak li pou nou pwoteje kominote nou yo”.

Jose Calderon, Prezidan Federasyon Ispanik lan (Hispanic Federation), te deklare, “Lè yo mete fen a pwogram Estati Pwoteksyon Tanporè a pou Salvadoryen yo, administrasyon Trump lan ap vire do l bay pwomès Etazini an ki se pou l rete yon refij pou sila yo ki pap an sekirite si yo ta retounen nan peyi yo. Mete fen a TPS pa rann nou pi rich, oswa pi an sekirite. Olye de sa, l ap andomaje ekonomi nou an nan yon fason ireparab, l ap separe fanmi yo, epi destabilize kominote ki deja tabli (prèske yon tyè benefisyè TPS yo se pwopriyetè kay nan kominote yo). Nou kanpe deyè Gouvènè Cuomo epi nou mande Kongrè a pou yo korije enjistis grav sa a imedyatman avèk pwomilgasyon lejislasyon ki pral bay rezidans pèmanan pou benefisyè ki gen TPS depi byen lontan yo”.

Angela Fernandez, Esq, ki se Direktè Egzekitif Kowalisyon pou Dwa Imigran Onò Manhattan lan, te di, “Kont teni desizyon gouvènman federal la pran pou l mete fen a TPS pou 277,000 Salvadoryen, nou ap selebre prevwayans Gouvènè Cuomo paske l te

kreye Pwogram Defans Libète nan Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la. Pwogram Defans Libète a pèmèt òganizasyon tankou òganizasyon nou an, ak lòt òganizasyon toupatou atravè eta a yo, ofri meyè kalite defans legal pou imigrasyon pou sila yo ki pi paka egzèse dwa yo. Epi nan ka sa a, sa pral vle di diferans ant depòte yo oswa ofri opsyon pou yo ka rete nan sèl peyi benefisyè TPS yo rele lakay yo”.

Elise Damas, ki se Avoka pou Sant Refijye Amerik Santral yo, te di, “Desizyon gouvènman federal la pran pou l mete fen a TPS la pral yon dezaz pou vwazen Salvadoryen nou yo toupatou atravè Eta New York la, men fas a enjistis sa a nou dwe leve kanpe pou nou lite. Eta New York la te toujou akeyi nouvo Ameriken yo epi nou pap pèmèt santiman anti-imigran nan Washington yo chanje sa”.

Resous Adisyonèl ak Liy Asistans Biwo Nouvo Ameriken an

Nenpòt moun desizyon TPS la afekte gendwa kontakte Liy Asistans Biwo pou Nouvo Ameriken an nan 1-800-566-7636. Se yon liy asistans, multileng, gratis k ap ofri asistans nan plis pase 200 lang. Nenpòt moun ka rele liy asistans lan pou mande enfòmasyon ak referans, kèlkeswa estati sitwayènte oswa si yo genyen oswa pa gen papyè. Apèl yo fè nan liy asistans lan yo konfidansyèl epi yo anonim. Liy asistans lan opere soti 9 è a.m. - 8 è p.m. (ET), lendi a vandredi (eksepte nan jou ferye federal yo) epi se Sèvis Kominotè Catholic Charities yo k ap jere l.

27 Sant Opòtinite ki baze onivo katye Biwo pou Nouvo Ameriken yo genyen an yo, ak avoka ki espesyalize nan lwa imigrasyon ak manm Pwojè Defans Libète yo, pral bay enfòmasyon ajou ak konsèy gratis pou benefisyè TPS yo ki soti nan tout peyi ki afekte yo atravè konsiltasyon endividyèl fasafas. Konsiltasyon yo pral ofri gid ak depistaj pou posibilite pou ajiste estati imigrasyon yo.

Pou w lokalize youn nan Sant Opòtinite Biwo pou Nouvo Ameriken an yo, [klike isit la](#). Pou w wè kat jwografik Sant Opòtinite Biwo pou Nouvo Ameriken an, [klike isit la](#).

Seminè Konnen Dwa w yo (Know Your Rights) ak konsiltasyon yo pral fèt nan dat ki ekri pi ba la yo. Yo pral anonse lokalite yo osito posib epi y ap mete yo disponib atravè liy asistans lan ak sou entènèt nan: www.newamericans.ny.gov.

- 8 Fevriye - Federasyon Ispanik ak òganizasyon Fè Chemen an New York (Hispanic Federation and Make the Road New York)
- 15 Fevriye - Kowalisyon pou Imigran Onò Manhattan lan ak Federasyon Ispanik lan (Northern Manhattan Coalition for Immigrant Rights and Hispanic Federation)
- 22 Fevriye - Opòtinite pou yon Meyè Demen (Opportunities for a Better Tomorrow)

Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la

Gouvènè Cuomo te tabli Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la pou ede moun ki fenk vini nan Eta New York yo ki pare pou kontribye nan ekonomi nou an epi pou yo vin fè pati fanmi Eta New York la. Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la ede Nouvo Ameriken yo patisipe plèman nan lavi sivik ak ekonomik Eta New York la.

Biwo a pran angajman pou konsolide anviwonman akeyan Eta New York la pou Nouvo Ameriken yo epi fasilite siksè yo lè yo:

- Krewe yon rezo Sant “Opòtinite” ki baze onivo katye yo;
- Ogmante aksè pou jwenn fòmasyon pou moun ki pale lòt lang (English-for-Speakers-of-Other-Languages, ESOL);
- Prepare Nouvo Ameriken nan pwosesis natiralizasyon Nouvo Ameriken an;
- Konekte Nouvo Ameriken nan resous komèsyal pou devlope espri biznis lakay yo;
- Devlope ak ogmante konpetans pwofesyonèl Nouvo Ameriken yo;
- Ranfòse koneksyon ant Nouvo Ameriken ak kominote yo atravè angajman sivik ak lòt opòtinite;
- Redwi ekplwatasyon Nouvo Ameriken ap sibi nan men vòlè ak raketè; ak
- Resous Eta Marshal pou pi byen sèvi Nouvo Ameriken.

Pwojè Defans Libète Eta New York la

Pwojè Defans Libète a se premye pwojè konsa nan peyi a, yon eta ap jere men ki se yon patenarya piblik-prive, pou yo ede imigran yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo, pou yo ka jwenn aksè a sèvis ak enfòmasyon sou pwosesis legal yo. An 2017 la, Gouvènè Cuomo te anonse yon investisman istorik 11.4 milyon dola nan pwojè sa a.

Biwo pou Nouvo Ameriken Eta a ap jere Pwojè Defans Libète a epi yo ap dirije l an patenarya ak kabinè jiridik, asosiyasyon legal, òganizasyon defans yo, gran inivèsite yo ak asosiyasyon bawo yo.

Pwojè Defans Libète a ofri:

- Konsiltasyon legal ak depistaj pou imigran toupatou atravè Eta New York yo;
- Reprezantasyon dirèk pou imigran ki nan pwosesis depòtasyon yo ansanm ak lòt ka ankò;
- Éd pou ede moun ranpli aplikasyon imigrasyon pou natiralizasyon, otorizasyon travay, rezidans pèmanan, eksetera; epi
- Fòmasyon Konnen Dwa w yo pou imigran yo ak kominote a an jeneral.

###